



## LIS KONTWÒL AMPLWAYE POU KONJE FAMILYAL PEYE

Antanke anplwayè ki benefisye avantaj NYSIF pou moun ki ak defisyans/kouvèti PFL, ou dwe genyen:

- Yon avi ki montre nou an konfòmite ak NYSIF PFL ki ap affiche byen vizib nan kote ou travay la.
- Yon pwosesis pou kolekte tout retni pou tout anplwaye PFL yo.
- Mizajou tout dokiman ki ekri, tankou yon manyèl pou anplwaye ki gen ladan tout enfòmasyon PFL yo.
- Founi bay anplwaye yo [PFL-271S – Deklarasyon dwa anplwaye yo pou konje familyal peye](#).
- Ofri anplwaye ki pa elijib yo posibilite pou renonse a kouvèti a, epi pou konsève tout renonsiyasyon yo te ekzekite na dosye yo. (Pa soumèt renonsiyasyon sila a bay NYSIF.)
- Yon pwosedi pou jere epi ranpli seksyon ANPLWAYÈ nan fòmilè pou fè reklamasyon PFL yo.
- Yon plan pou kouvri responsabilite anplwaye yo pandan konje a, epi pou reyentegre travayè yo apre konje a.

### **Lè w ap resevwa yon reklamasyon :**

- Revize lis pou kontwòl kandida ki apwopriye a NYSIF avèk anplwaye w la.
- Ranpli seksyon anplwayè ki lokalize nan pati B nan fòmilè NYSIF PFL-1 ak tout fòmilè spesifik pou demand konje NYSIF PFL ke anplwaye a te mande w, epi retounen yo bay kandida sila a sou 3 jou.
- Asire w ou reponn pati B, kesyon 9, nan fòmilè reklamasyon PFL-YSIF ki spesifik a konje ki konsène ranbousman salè. Si w reponn « Wi », ou dwe deklare dat lè tout salè w la te peye. E nan ka kote ou pa ta seleksyone « Wi » pou fè demand ranbousman ou an bay NYSIF ap endike ou renonse otomatikman dwa ou genyen pou w resevwa ranbousman an.
- Pa bliye si w ta deklare konje ou mande a kòm konje admisib pou FMLA, ou dwe enfòmè anplwaye a deklarasyon sila a e founi l yon preyavi ekri tankou yo mande sa nan 29 CFR 825.301.
- Konsève tras tout konje anplwaye PFL prevwa.